



Pou Piblikasyon Imedya: 18/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 12 MILYON DOLA POU FINANSE SANT OPÒTINITE FAMILYAL YO POU SIPÒTE FANMI YO AK ANPECHE ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York ap bay sibvansyon ki rive jiska 12 milyon dola jiska 28 fevriye 2026, pou finanse sant opòtinite familyal yo, ki se pwogram kominotè oswa ki baze nan lekòl yo ki bay sèvis ki ranfòse fanmi yo ak amelyore sekirite ak byennèt timoun yo ak fanmi yo.

"Fanmi yo bezwen sèvis kominotè yo ki sipòte paran yo ak moun k ap bay swen yo nan elve timoun ki an sante epi ki gen kè kontan epi redwi estrès ki souvan mennen nan diminisyon nan byennèt tout yon fanmi", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen fyè pou m finanse sant opòtinite pou fanmi yo, ki se pwogram pwouve ki sipòte divès fanmi atravè Eta New York, epi n ap kontinye pran mezi konkrè pou sipòte fanmi yo epi ede redwi abi ak neglijan sou timoun, ranfòse estabilite familyal, epi amelyore devlopman timoun."

"Antanke paran, sa kraze kè m ke gen timoun pami nou k ap sibi abi ak move tretman sou timoun nan Eta New York", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare**. "Se responsabilite nou pou nou asire sekirite timoun nou yo lè nou mete resous ki disponib pou fanmi yo ki pral ede anpeche abi epi ede nou travay ansanm antanke kominote pou nou leve timoun ki kontan epi ki an sante."

Inisyativ la se yon kolaborasyon ant Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York ak Depatman Edikasyon Eta (State Education Department, SED). OCFS pral administre sibvansyon yo, ki disponib atravè fon Eta a ak pwogram federal Prevansyon kont Abi sou Timoun nan Kominote a (Community-Based Child Abuse Prevention, CBCAP) ki enkli nan Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan) an. Patenarya istorik sa a ant OCFS ak SED reflekte objektif pataje ajans yo pou ranfòse fanmi yo epi elimine vid yo pou pi byen kowòdone sèvis yo. FOC yo se yon amelyorasyon nan modèl sant resous familyal (family resource center, FRC) yo ki fèt pou ranfòse fanmi yo, ogmante faktè pwoteksyon yo, sipòte sante mantal paran ak timoun yo, sipòte rezilta edikatif amelyore ak amelyore byennèt timoun yo. Pwogram FOC yo pral ofri yon pakèt sèvis prevansyon ki pral gen ladan paran fòmèl ak enfòmèl, bati koneksyon sosyal, amelyore siksè timoun nan lekòl, satisfè bezwen konkrè fanmi yo ak simonte baryè nan sèvis sante mantal ak/oswa itilizasyon abi

sibstans si sa nesesè. Fanmi yo pral gen aksè ak sèvis enpòtan sa yo nan pwòp kominote pa yo nan kote ki fasil pou jwenn epi ki akeyan.

Finansman sibvansyon an fèt pou aplike sèvis prevansyon prensipal yo epi pou sipòte pwogram kominotè ak pwogram ki baze nan lekòl yo pou ogmante resous sipò lekòl ak famiyal yo epi ogmante faktè pwoteksyon ki diminye risk pou abi/move tretman sou timoun epi amelyore rezilta edikatif pou elèv yo.

Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila J. Poole te deklare, "Rechèch yo montre ke egzistans sant resous famiyal yo nan yon kominote te kontribye nan yon rediksyon 45 pousan nan ka abi ak neglijan sou timoun. Envesti nan prevansyon kapab redwi tou bezwen pou plis sèvis entèvansyon ki koute chè nan ka abi ak move tretman. Pandan kantite eksperyans negatif timoun yo ap ogmante, risk pou anpil pwoblèm sante alontèm yo ogmante yon fason konsiderab. Nou kontan anpil pou nou ofri sant opòtinite famiyal sa yo."

Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare, "Li lè pou nou repanse fason pou nou bay sèvis sipò famiyal yo epi fè li nan yon fason konplè ak kolaboratif ki sèvi tout timoun nan, tout fanmi an, ak tout kominote a. Travay ansanm, ajans nou yo pral kreye yon opòtinite pou repons konekte ki efikas ak konpetan sou plan kiltirèl, epi ki bay espas akeyan pou tout moun."

Aplikasyon ki elijib pou finansman SED yo dwe se distri lekòl piblik Eta New York ki gen yon pousantaj elèv ki defavorize ekonomikman pou ane 2019-20 an ki pi wo pase mwayèn eta ki pwopoze pou sèvi elèv lekòl presegondè ak lise yo ak fanmi pa yo. Aplikasyon ki elijib pou finansman CBCAP OCFS yo dwe òganizasyon san bi likratif kominotè, relijye, oswa ki baze nan lekòl yo ak/oswa ajans piblik ki pwopoze sèvi youn oswa plizyè nan konte sa yo: Albany, Allegany, Broome, Cattaraugus, Cayuga, Chautauqua, Chemung, Chenango, Clinton, Columbia, Cortland, Delaware, Dutchess, Erie, Essex, Franklin, Fulton, Genesee, Greene, Hamilton, Herkimer, Jefferson, Lewis, Livingston, Madison, Monroe, Montgomery, Nassau, Niagara, Oneida, Onondaga, Ontario, Orange, Orleans, Oswego, Otsego, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Schuyler, Seneca, St. Lawrence, Steuben, Suffolk, Sullivan, Tioga, Tompkins, Ulster, Warren, Washington, Wayne, Westchester, Wyoming ak Yates.

Tanpri vizite [Sitwèb Opòtinite Finansman OCFS la](#) pou plis enfòmasyon ak egzijans soumisyon yo. Yo dwe soumèt aplikasyon yo nan [Pòtay Sibvansyon Eta New York la \(NYS Grants Gateway\)](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)